

## Otorizasyon Pou Aksè Nan Enfòmasyon Pasyan Atravè Yon Òganizasyon Echanj Enfòmasyon Lasante

Depatman Lasante Eta New York

Non Pasyan an	Dat nesans	Nimewo Idantifikasyon Pasyan an
Adrès Pasyan an		

M ap mande aksè enfòmasyon sante konsènan swen mwen jan li endike sou fòmilè sa a. Mwen kapab chwazi si m ap kite yo bay [redacted] (ak ajan yo) aksè nan dosye medikal mwen atravè òganizasyon echanj enfòmasyon lasante ki rele Healthix ou pa. Si mwen bay konsantman mwen, y ap ka gen aksè nan dosye medikal mwen ki diferan kote mwen resevwa swen ak yon rezo òdinatè pou tout eta a. Healthix se yon òganizasyon ki pa komèsyal ki pataje enfòmasyon sou sante moun pa mwayen elektwonik pou amelyore kalite swen sante epi li satisfè nòm pwoteksyon vi prive ak sekirite Lwa Sou Responsabilite ak Pòtabilite Asirans Sante (HIPAA), kondisyon lwa federal sou konfidansyalite yo, 42 CFR Pati 2 ak Lwa Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite sitwèb Healthix ki se [www.healthix.org](http://www.healthix.org).

**Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PAP afekte si mwen ka jwenn swen medikal ou pa. Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PAP kite konpayi ki bay asirans sante yo jwenn aksè nan enfòmasyon mwen pou yo ka decide si ya p banm pwoteksyon asirans sante oswa si y ap peye fakti medikal mwen.**

<b>Konsantman Mwen Chwazi Bay.</b> M ap chwazi YON tikare sou lamèn goch pou fè chwa mwen. Mwen ka ranpli fòmilè sa a kounye a oswa yon lòt lè. Epi tou mwen ka ranpli yon nouvo fòmilè pou chanje desizyon mwen nenpòt lè.
<input type="checkbox"/> <b>1. MWEN BAY KONSANTMAN</b> pou [redacted] gen aksè nan TOUT enfòmasyon medikal elektwonik mwen atravè Healthix pou bay swen sante.
<input type="checkbox"/> <b>2. MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN</b> pou [redacted] gen aksè nan enfòmasyon medikal elektwonik mwen atravè Healthix pou nenpòt rezon.

Si mwen vle refize bay konsantman pou tout Òganizasyon Ki Bay Swen Sante ak Plan Sante k ap patisipe nan Healthix yo gen aksè nan enfòmasyon sante elektwonik mwen atravè Healthix, mwen ka vizite sitwèb Healthix la nan [www.healthix.org](http://www.healthix.org) oswa rele Healthix nan 877-695-4749 pou fè sa.

Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòmilè sa a epi yo te ban mwen yon kopi fòmilè sa a.

Siyati Pasyan an ou Repezantan Legal Pasyan an	Dat
Ekri Non Repezantan Legal la (si genyen youn) al lèt yo detache	Relasyon Repezantan Legal la ak Pasyan an (si genyen youn)

**Detay sou enfòmasyon yo aksede atravè Healthix ak pwosesis pou konsantman an:**

1. **Kijan Yo Ka Itilize Enfòmasyon Ou.** Y ap itilize enfòmasyon sante elektwonik ou **sèlman** pou sèvis swen sante sa yo:
  - **Sèvis Tretman.** Ba ou tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak tretman an.
  - **Verifye Si Ou Kalifye Pou Asirans.** Gade pou wè si w gen asirans sante ak kisa li kouvri.
  - **Aktivite Pou Jesyon Swen.** Aktivite sa yo gen ladan yo ede ou jwenn swen medikal ki apwopriye, amelyore kalite sèvis y ap ba ou, kowòdone jan yo ba ou plizyè sèvis swen sante w ap resevwa, oswa ede ou swiv yon plan swen sante.
  - **Aktivite Pou Amelyore Kalite.** Evalye epi amelyore kalite swen medikal nou ba ou menm ak tout pasyan.
2. **Kalite Enfòmasyon Sou Ou Ki Ladan.** Si w bay konsantman ou, Òganizasyon (yo) Ki Bay Swen Sante nan lis la kapab gen aksè nan TOUT enfòmasyon medikal elektwonik ou ki disponib atravè Healthix. Sa gen ladan enfòmasyon ki te kreye avan ak apre dat ou te siyen fòmilè sa a. Dosye medikal ou kapab gen maladi ou soufri oswa chòk ou te pran (tankou dyabèt oswa yon zo ki te kase), rezilta egzamen yo (pa egzanp radyografi oswa tès san), ak yon lis medikaman ou te pran. Enfòmasyon sa a kapab genyen kondisyon sante ki sansib. Men kèk bagay ki kapab ladan:
 

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwoblèm bwè tafya oubyen abi dwòg</li> <li>• Kontrasepsyon ak avòtman (planin familial)</li> <li>• Maladi Jenetik (ki eritye) oswa tès</li> <li>• VIH/SIDA</li> <li>• Kondisyon sante mantal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Maladi yo transmèt nan fè sèks</li> <li>• Medikaman ak Dòz yo</li> <li>• Enfòmasyon sou Dyagnostik</li> <li>• Alèji</li> <li>• Detay sou abi Dwòg</li> <li>• Nòt Klinik</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Detay Egzeyat</li> <li>• Enfòmasyon sou Travay</li> <li>• Jan w ap Viv</li> <li>• Sipò Sosyal</li> <li>• Done sou Reklamasyon</li> <li>• Tès Laboratwa</li> </ul>
--	---	--
3. **Kote Enfòmasyon Sou Sante Ou Soti.** Enfòmasyon sou ou soti kote ki te ba w swen medikal oswa asirans sante. Kote sa yo kapab lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, konpayi ki bay asirans sante, pwogram Medicaid la, ak lòt òganizasyon ki echanje enfòmasyon pa mwayen elektwonik. Gen yon lis konplè ak ajou ki disponib nan Healthix. Pou jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè, gade sou sitwèb Healthix la ki se [www.healthix.org](http://www.healthix.org) oswa arele 877-695-4749.
4. **Kiyès Ki Ka Aksede Enfòmasyon Sou Ou, Si Ou Bay Konsantman.** Se sèlman doktè ak lòt ekip k ap travay nan Òganizasyon (yo) ou te bay konsantman pou gen aksè pou egzekite aktivite fòmilè sa a pèmèt jan li dekri pi wo a nan paragraf nimewo en (1).
5. **Aksè Pou Òganizasyon Sante Piblik Ak Òganizasyon Ki Resevwa Ògàn.** Ajans sante piblik federal, eta oswa lokal ansanm ak sèten òganizasyon ki resevwa ògàn gen otorizasyon devan lalwa pou jwenn aksè nan enfòmasyon sante yon pasyan san pasyan sa a pa te bay konsantman pou sèten rezon sante piblik ak grèf ògàn. Enstitisyon sa yo kapab aksede enfòmasyon atravè Healthix pou rezon sa yo kit ou bay konsantman ou pa, refize bay konsantman oswa refize ranpli yon fòmilè konsantman.
6. **Penalite Pou Lè Yo Aksede Oswa Itilize Enfòmasyon Ou Yon Fason Ki Pa Apwopriye.** Gen penalite pou lè yo aksede oswa itilize enfòmasyon sante elektwonik ou yon fason ki pa apwopriye. Si nenpòt lè ou sispèk gen yon moun ki pa te dwe wè oswa gen aksè nan enfòmasyon ou ki fè sa, rele [redacted] a nan : \_\_\_\_\_; oswa vizite sitwèb Healthix la : [www.healthix.org](http://www.healthix.org); oswa rele Depatman Sante Eta New York nan 518-474-4987; oswa swiv etap pou depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil federal la nan Iyèn sa a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>.
7. **Kijan Yo Ka Divilge Enfòmasyon ankò.** Nenpòt Òganizasyon ou te bay konsantman pou gen aksè nan enfòmasyon medikal ou kapab divilge ankò enfòmasyon sou sante ou, men sèlman nan mezi lalwa ak regleman eta ak federal pèmèt sa. Yo kapab sèlman gen aksè epi sèlman divilge ankò enfòmasyon ki gen pou wè ak tretman pou alkòl/dwòg oswa enfòmasyon konfidansyèl ki gen pou wè ak VIH si li akonpanye ak deklarasyon sou entèdiksyon pou divilge li ankò.
8. **Peryòd Fòm Konsantman An Ap Aktif.** Fòm konsantman sa a ap rete aktif jiska jou ou chanje konsantman ou chwazi bay la, jiskaske ou mouri oswa jiskaske Healthix sispann opere. Si Healthix ta fin fè pati yon lòt Òganizasyon, chwa ou fè nan konsantman an p rete aktif nan nouvo òganizasyon li vin fizyone ak li a.
9. **Jan Pou Chanje Konsantman Ou.** Ou ka chanje konsantman ou bay la nenpòt lè pou nenpòt Òganizasyon Ki Bay Swen Sante oswa Plan Sante. Pou fè sa soumèt yon nouvo fòm ak nouvo chwa ou a. Òganizasyon ki gen aksè nan enfòmasyon sou sante w atravè Healthix pandan konsantman w lan aktif kapab kopye oswa mete enfòmasyon ou sou pwòp dosye medikal yo. Menm si pita ou ta deside chanje desisyon w pou bay konsantman yo pa oblije retounen enfòmasyon ou oswa retire li sou dosye yo.
10. **Kopi Fòmilè a.** Ou gen dwa resevwa yon kopi Fòmilè Konsantman sa a.